

Eta New York ak FEMA ap ouvè sit Vaksinasyon Kominotè nan tout Eta

Nan dat 19 Fevriye, Eta New York [te anonse](#) kolaborasyon l avèk FEMA pou lanse yon pwojè pilòt pou etabli sant vaksinasyon kominotè yo (CVCs) nan Eta New York. FEMA pral bay resous, sipò operasyonèl, e anplwaye federal yo pou sipòte sant sa yo.

Aktyèlman Nouyòkè ki elijib yo nan Brooklyn ak Queens ka enskri kounye a. Enskripsyon pou sit Buffalo, Rochester, Yonkers ak Albany yo ap kòmanse a 8 a.m. nan Mèkredi 24 Fevriye. Tout sis sit yo ap sible kominote defavorize yo.

Pou premye semèn pwogramasyon an, randevou yo nan sis sant sa yo ki lokalize nan tout eta rezève prensipalman pou Nouyòkè yo kap viv nan zòn yo ki gen fèb pousantaj vaksinasyon ak awondisman yo. Apresa randevou yo pral ouvè pou tout rezidan elijib yo nan awondiman an, konte oswa rejyon spesifik ki sible nan lokasyon sant lan.

Enfòmasyon sou Adrès ak èdtan

Brooklyn: Medgar Evers College	Queens: York College
231 Crown St. Brooklyn, NY 11225	160-02 Liberty Avenue Jamaica, NY 11451
Kòd Postal Elijib: 11206, 11221, 11216, 11238, 11225, 11213, 11233, 11207, 11208, 11236, 11212, 11203, 11226, 11210	Kòd Postal Elijib: 11418, 11419, 11420, 11430, 11435, 11436, 11439, 11432, 11433, 11434, 11423, 11412, 11413, 11427, 11428, 11429, 11411, 11422, 11691, 11692, 11693
Èdtan yo: 8:00 a.m. – 8:00 p.m. kòmanse nan 24 Fevriye	Èdtan yo: 8:00 a.m. – 8:00 p.m. kòmanse nan 24 Fevriye
MTA pral lanse yon pwogram nan dat 1 ^{ye} Mas pou amelyore sèvis otobis nan Brooklyn ak Queens pou transpòte moun yo ki nan kominote spesifik yo pou de sit sa yo.	

Buffalo: Sant Kominotè Delavan Grinder	Rochester: Ansyen Pakin Kodak Hawkeye
877 East Delavan Avenue Buffalo, NY 14215	1345 St. Paul Street Rochester, NY 14621
Kòd Postal Elijib: 14209, 14201, 14208, 14213, 14211, 14215, 14214, 14204, 14222, 14212	Kòd Postal Elijib: 14605, 14613, 14611, 14608, 14621, 14619, 14606, 14615, 14614, 14609, 14604, 14603
Èdtan: Ap anonse apati 3 Mas	Èdtan: Ap anonse apati 3 Mas



FEMA

Yonkers ak Mount Vernon: New York National Guard Amory	Albany, Schenectady, Troy: Washington Avenue Armory
2 Quincy Place, Yonkers, NY 10701	195 Washington Avenue, Albany, NY 12210
Kòd Postal Elijib: 10705, 10701, 10550, 10553, 10704, 10703, 10552	Kòd Postal Elijib: 12202, 12206, 12210, 12209, 12207, 12222, 12180, 12307, 12308, 12305, 12304
Èdtan: Ap anonse apati 3 Mas	Èdtan: Ap anonse apati 3 Mas

Kijan pou detèmine elijiblite ak enskri

Vizite sit entènèt New York ['Am I Eligible'](#) oswa rele liy dirèk vaksinyon COVID-19 nan:

1-833-NYS-4-VAX (1-833-697-4829)

Ou ka vizite tou sit yo pou pran yon randevou.

Sansibilizasyon sible ap kontinye nan òganizasyon kominotè yo (legliz, non-pwofi, òganizasyon volontè, sant lavi endepandan) ak otorite eli yo ki nan kominote yo avèk pousantaj Endèks Vilnerablite Sosyal elve pou adrese ekite ak ezitasyon sou kesyon vaksinyon.

FEMA, konfòmeman avèk plan nasyonal Prezidan Biden pou reponn nan COVID-19, ap kontinye fè patenarya avèk eta New York. Ansanm nou pral asire ke chak Nouyòkè ki vle pran yon vaksen can jwenn youn — aksè ekite nan vaksen COVID se yon gwo priorite.

Tanpri gade [kominike laprès](#) nan dat 22 Fevriye pou w jwenn plis enfòmasyon.



FEMA